



Pou Piblikasyon Imedya: 01/06/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO SOU MWA FYÈTE A

"Fyète se yon mwa espesyal pou kominote LGBTQ a ak pou Nouyòkè yo, epi Empire State ap òganize WorldPride ane sa a nan okazyon 50yèm anivèsè Stonewall la nou gen anpil pou nou selebre ak komemore.

Depi vòt egalite nan maryaj la ak GENDA a jiska efò nou yo ki se lidè nan nasyon an pou fini ak epidemi SIDA epi konba kontini nou avèk administrasyon Trump lan sou pwoteksyon ki enpòtan pou moun ki transeksyèl yo, New York te yon lidè nan konba pou lajisitis pou LGBTQ a.

Pwogrè sa a enpresyonan, men nou pa pral rete jiskaske chak epi tout Nouyòkè—kèlkeswa oryantasyon seksyèl oswa idantite seksyèl—gen dwa ak libète yo merite.

Jodi a Eta New York toujou gen lwa akayik, diskriminatwa an vigè ki ap toufe libète kominote LGBTQ yo. Li deplorab ke yon koup menm sèks oblije kite Eta natif yo—yon Eta ki kanpe pou divèsite, enklizyon ak tolerans—pou konsewa yon timoun atravè matènite sibstitisyon. Li repiyan ke yon moun yo akize ak krim vyolan kont yon moun LGBTQ kapab itilize pwòp omofobi oswa transfobi yo kòm yon defans legal.

Ayè mwen te kanpe men nan men avèk Nouyòkè yo ke lwa antik New York yo abandone epi mwen te lanse yon kanpay pou konbat enjistis sa yo. Yo dwe leve entèdisksyon kont matènite sibstitisyon an epi defans legal 'panik omoseksyèl ak transeksyèl' la dwe elimine nan achiv yo yon fwa pou tout avan lafen sesyon lejislatif sa a. Nouyòkè yo pa ka pèmèt yo rete tann".

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)